

OU WÈ RAY?



PANSE TREN!®

GEN DIVÈS KALITE TREN KI AP KOURI SOU RAY KOT
ÈS FLORID/KORIDÒ BRIGHTLINE



GADE, KOUTE EPI RET ANVI

Akòz gwosè yo, tren yo ka sanble y ap deplase pi dousman epi yo parèt pi lwen.
Pran prekosyon bò ray tren yo. Yon tren kab pran yon kilomèt edmi oswa
plis pou li frennen an ka dijans.



GADE

- Rete dèyè liy jòn ki sou platfòm nan estasyon tren yo
- Travèse sèlman kote ou wè yo mande pou ou travèse
- Toujou gade toude bò anvan ou travèse ray tren



KOUTE

- Tren yo pa fè bri, ou dwe trè veyatif!
- Pa janm mete kònè oswa ekoutè bò ray tren yo
- Se pa tout tan tren yo ap klaksonnen



RET ANVI

- Pa janm travèse ray tren lè ou wè yon tren ap vini
- Pa janm mache sou ray tren yo – li ilegal!
- Pa janm eseye kouri dèyè tren oubyen fè kous ak tren
- Pa janm mache ni monte bisiklèt pre ray tren



KONNEN SIY AK SIYAL YO

SIY AK SIYAL	KOUMAN LI RELE	KI SA LI VLE DI	KÈK DONE ENTERESAN
	Siy AVÈTISMAN	Avèti chofè yo gen ray tren pi devan sou wout la	Raple chofè yo pou yo ralanti pou yo gade epi koute si pa gen tren k ap vini
	Siy KLAKSÒN TREN ENTÈDI	Se yon zòn silans dwe obsève, nòmalman tren an pa p klaksonnen.	Enjenyè tren an kab toujou klaksonnen si ta gen yon ka ijans oubyen si gen travayè ki pre ray tren yo.
	Siy KI ANONSE TREN TRAVÈSE WOUT SA A	Siy sa a fè ou konnen pou ou bay tren an dwa pasaj. Travèse ray tren yo kote ou wè siy ankwa sa a sèlman, pa travèse nenpòt kote.	Se SÈL KOTE sa a ki san danje pou ou travèse ray tren yo.
	Siy AVÈTISMAN POU RI SEGONDÈ	Siy sa a avèti ou gen yon ray tren ki travèse wout la, kit ou vire adwat kit ou vire agoch	Siy sa a raple chofè a pou li prepare pou li kanpe si yon tren ap vini

ENTERÈ NOU NAN DOMÈN SEKIRITE

Nan angajman san pran souf nou pran nan ede moun epanye danje, Brightline kolabore ansanm avèk Operation Lifesaver, Inc. pou yo sansibilize moun sou prekosyon yo dwe pran bò ray tren yo. Gras avèk kolaborasyon pwogram Partners in Safety, Brightline vle ekipe pyeton, chofè, siklis ak enfòmasyon pou ede yo pran bon desizyon, kote wout ak ray tren kwaze.